



Kijan Resansman 2020 an pral envite chak moun pou yo patisipe


Prèske chak fwaye ap resevwa envitasyon pou yo patisipe nan Resansman 2020 an, swa pa mwayen lapòs oswa pa mwayen yon anketè.

95% nan fwaye

yo ap resevwa envitasyon pou yo patisipe nan resansman an pa lapòs.

Prèske 5% nan fwaye

yo ap resevwa envitasyon yo a lè yon anketè pase ba yo li. Nan zòn sa yo, majorite fwaye yo ka pa resevwa lèt yo nan adrès lakay yo (tankou fwaye ki itilize bwat postal oswa zòn ki fèk viktim anba katastwòf natirèl yo.)



Mwens pase 1% nan fwaye

yo ap resevwa yon anketè an pèsòn k ap vin konte yo, olye yo mande yo pou yo konte tèt yo yo menm. Nou fè sa pou zòn ki lwen anpil, tankou pati nò nan Maine, Alaska ak nan kèk rejyon kote Endyen Ameriken yo mande pou yo konte yo an pèsòn.

Nòt: Nou genyen metòd espesyal pou nou konte moun ki p ap viv nan kay, tankou etidyan k ap viv nan dòtwa, moun k ap viv nan mezon retrèt oswa moun k ap viv nan lari.

2020CENSUS.GOV/ht

D-FS-BL-HC-091

**Prepare
Avni W**
KÒMANSE ISIT LA >

United States®
**Census
2020**

Kisa w ka resevwa pa lapòs

Lè moman an rive pou reponn kesyon fòmilè a, pifò fwaye yo ap resevwa yon envitasyon pa lapòs. Chak fwaye ap ka chwazi pou yo ranpli fòmilè a sou Entènèt, pa telefòn oswa pa lapòs.

Selon posiblite ki genyen pou moun nan zòn ou an ranpli fòmilè a sou Entènèt, w ap jwenn yon envitasyon k ap ankouraje w fè sa. Oubyen w ap jwenn yon envitasyon k ap vin jwenn ou ak yon kesyonè sou papyè.

Lèt envitasyon

- Nan pifò zòn ki nan peyi a, l ap posib pou moun yo reponn kesyon fòmilè a sou Entènèt, kidonk pifò fwaye yo ap jwenn yon lèt k ap mande yo al ranpli kesyonè resansman an sou Entènèt.
- N ap travay ak sèvis lapòs Etazini pou nou distribye envitasyon sa yo sou yon peryòd plizyè jou. Konsa, n ap ka ogmante kantite moun k ap reponn sou Entènèt yo, epi n ap gen posiblite pou nou sèvi w pi byen si w bezwen èd pa telefòn.

Lèt envitasyon ak kesyonè sou papyè

- Nan zòn kote li pa twò posib pou moun yo reponn kesyonè a sou Entènèt, moun yo ap resevwa yon kesyonè sou papyè, ansanm ak pake a. Pake a ap gen ladan l tou enfòmasyon konsènan fason pou yon moun reponn kesyon fòmilè a swa sou Entènèt, swa pa telefòn.

Nou konnen sa ka rive ou pa t jwenn premye lèt nou te voye pa lapòs la.

- Tout fwaye ki pa ranpli fòmilè a ap jwenn yon rapèl sou sa epi, finalman, y ap resevwa yon kesyonè sou papyè.
- Si w pa reponn pa Entènèt, pa telefòn, oswa pa lapòs, n ap fè swivi a an pèsòn.

Pou plis enfòmasyon, vizite:

2020CENSUS.GOV/ht

D-FS-BL-HC-091

Kisa n ap voye ba ou nan pake pa lapòs la:



12-20 mas

Yon envitasyon pou w ranpli fòmilè resansman 2020 an sou Entènèt.

(Gen kèk fwaye k ap resevwa tou kesyonè sou papyè).



16-24 mas

Yon lèt rapèl.



26 mas-3 avril

Yon kat postal kòm rapèl.



8-16 avril

Yon lèt rapèl ak yon kesyonè sou papyè.



20-27 avril

Yon dènye kat postal kòm rapèl anvan nou fè yon swivi an pèsòn.

**Prepare
Avni W**

KÒMANSE ISIT LA >

United States®
**Census
2020**